



Nou ofri sèvis 24/24, 7/7.

Ale sou entènèt:

Vizite **nyc.gov/BusinessToolbox**.
Klike sou Aplike pou jwenn espikasyon
pou soumèt aplikasyon lisans ou an sou
anliy.

OSWA

Eskane Kòd QR:



Lis Verifikasyon pou Aplikasyon pou Lisans Vandè Jeneral

Nòt Enpòtan konsènan Elijibilite

Ou kapab aplike pou yon Lisans Vandè Jeneral si:

- Ou se yon ansyen militè oswa mari/madanm/oswa patnè vivan ki te ki plase ak yon ansyen militè. Gade Egzijans yo.
- DCWP kontakte ou ak yon lèt òf ki gen yon nimewo sou lis datant lan.
*Lalwa limite Kantite lisans yo bay moun ki pa veteran yo a sèlman **853**.
Lis datant DCWP la pou moun ki pa veteran yo fèmen kounye a. Lis datant lan p ap
relouvri pou lòt enskripsyon toutotan DCWP pa fin trete tout aplikan ki pa veteran ki deja
sou lis laktyèl la.*

Kiyès ki Dwe Gen yon Lisans Vandè Jeneral?

Ou dwe gen yon lisans Vandè Jeneral pou vann, lwe oswa ofri pou vann oswa lwe pwodui oswa sèvis nan yon espas piblik ki pa yon magazen.

Ou PA bezwen yon Lisans Vandè Jeneral pou ou vann:

- Jounal, peryodik, liv, gid oswa nenpòt lòt dokiman ekri.
- Travay atistik tankou penti, foto, enpresyon ak eskilti.
- Manje ak/oswa bwason. *Remak:* Pou vann manje, sa mande pou jwenn yon lisans nan men Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (Department of Health and Mental Hygiene) vil New York. Rele nan 311 oswa vizite **nyc.gov/health** pou jwenn enfòmasyon sou lisans ak pèmi pou vandè manje nan charyo yo.
- Atik ki vann nan yon vant vid-grenye sou yon pwopriyete prive.

Deskripsyon sila a se yon eksplikasyon jeneral ki dwe gen yon Lisans Vandè Jeneral.



Egzijans pou jwenn Lisans

Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè yo (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP) ap rejte demann ou an si ou pa bay dokiman ak enfòmasyon yo egzije yo:

☐ **Aplikasyon Debaz Endividyèl pou Lisans**

☐ **Prè elijiblite pou aplike pou yon Lisans Vandè Jeneral**

DCWP aksepte aplikasyon pou Lisans Vandè Jeneral ki sòti nan men moun sa yo sèlman:

- Moun ki resevwa yon lèt nan men DCWP ki montre yo elijib pou yo soumèt yon aplikasyon pou yon lisans Vandè Jeneral. OSPA
- Veteran ki te demobilize avèk onè*. OSPA
- Veteran*† ki resevwa yon revokasyon ki pa pou move konpòtman oswa dezonè, epi ki soumèt prè—nan yon fòm otorize atravè Divizyon Sèvis pou Ansyen Militè Eta New York la—ki montre yo gen yon pwoblèm sante ki kalifye, tankou twoub estrès pòs-twomatik, lezyon serebral twomatik oswa trajedi seksyèl pandan sèvis militè. OSPA
- Veteran LGBT*† ki te resevwa yon revokasyon ki pa pou move konpòtman oswa dezonè ki soumèt prè, nan yon fòm Divizyon Sèvis pou Ansyen Konbatan Eta New York la apwouve, pou pwouve revokasyon an te fèt akòz oryantasyon seksyèl yo oswa idantite oswa ekspresyon seksyèl yo oswa akòz deklarasyon, konpòtman, oswa aksyon ki gen rapò ak oryantasyon seksyèl yo oswa idantite oswa ekspresyon seksyèl yo sèvis militè a oswa sèvis naval la te entèdi nan moman revokasyon an. OSPA
- Konjwen sivivan an oswa patnè sivivan ki plase* ak yon veteran ki te kite lame avèk onè, yon veteran ki te kite avèk yon pwoblèm sante ki elijib, oswa yon veteran LGBT ki te revoke, jan sa defini pi wo a.

*Dwe ap viv nan Eta New York.

†Vizite **veterans.ny.gov** pou plis enfòmasyon pou veteran ki gen kondisyon kalifye ak veteran LGBT yo.



Tanpri soumèt YOUN nan dokiman sa yo kòm prèv elijiblite ou pou aplike pou yon lisans Vandè Jeneral:

- Yon lèt orijinal nan men DCWP ki montre yo elijib pou yo soumèt yon aplikasyon pou yon lisans Vandè Jeneral. OSHA
- Prèv liberasyon Depatman Etazini pou Zafè Veteran yo (VA), tankou:
 - Deklarasyon sèvis orijinal la. OSHA
 - Orijinal Fòm DD 214 la, Papyè Dechaj, oubyen Dokiman Separasyon. OSHA
 - Kopi Fòm DD 214, Papyè Dechaj, oubyen Dokiman Separasyon pou Manm 4 la. OSHA
 - Lòt dokiman ofisyèl oswa gouvènmanal ki konfime estati ou kòm yon veteran yo te revoke ak yon kondisyon kalifye, oswa yon veteran LGBT yo te revoke jan sa endike pi wo a.

Enfòmasyon pou kontakte Biwo Rejyonal New York la:

245 West Houston Street
New York, NY 10014
Telefòn: (800) 827-1000
Sitwèb: www.archives.gov/veterans

- Si ou se mari oswa madanm sivivan oswa patnè sivivan ki te plase ak yon veteran, ou dwe bay TOUT dokiman sa yo:
 - Prèv maryaj oswa plasman (pa egzanp, sètifika maryaj orijinal, sètifika orijinal plasman, dokiman kontra lokasyon jwenti oswa ipotèk). Tanpri sonje prèv la ap fè objè revizyon ak apwobasyon DCWP. AK
 - Orijinal sètifika desè. AK
 - YON prèv revokasyon. (Gade paj 2.)

☐ **Yon foto koulè nan dimasyon paspò ki reprezante moun k ap aplike pou lisans pou moman an menm**

Sou Entènèt (Anliy): Moun k ap aplike yo ka pibliye yon fichye imaj ki genyen foto dijital paspò yo. Yon kamera dijital ki gen yon rezolisyon 1 megapiksèl ap bay bon rezilta.

Lapòs: Moun k ap aplike yo ka soumèt yon foto koulè nan dimansyon paspò.

An pèsòn, Sou Randevou Sèlman: Gade seksyon Kesyon yo pou kontakte DCWP. DCWP pral fè foto moun k ap aplike pou lisans yo san yo pa peye anyen.



☐ **Sètifika Otorite**

Ou dwe soumèt yon kopi Sètifika Otorizasyon Depatman Fiskalite ak Finans Eta New York ou a ki montre Nimewo Idantifikasyon Taks sou Lavant ou yo.

Remak: Sètifika Otorite a ta dwe gen non ou sou li.

Pou aplike pou yon Sètifika Otorite, vizite **Sant Lisans Eta New York la** nan aca.licensecenter.ny.gov. W ap bezwen yon Idantifyan NY.gov pou jwenn aksè nan fòm aplikasyon an. Pou mande yon aplikasyon sou papyè, rele nan (518) 485-2889. Apre ou fin aplike nan Depatman Fiskalite ak Finans Eta New York la, prevwa kat (4) a sis (6) semèn pou resevwa Sètifika Otorite w la.

☐ **Kesyonè sou Vandè Jeneral**

☐ **Prèy Adrès Lakay ou**

Bay yon kopi YOUN nan dokiman sa yo antanke prèy adrès lakay ou:

- Bòdwo, ki te fèt nan dènye 90 jou ki sot pase yo (egzanp telefòn, gaz, kouran, kab entènèt, oswa dlo) OSWA
 - Korespondan nenpòt ajans gouvènman an bay ki montre adrès kay ou OSWA
 - Lokasyon oswa ak pwopriyete OSWA
 - Dokiman asirans oswa bòdwo asirans ki montre adrès kay ou OSWA
 - Lisans oswa pèmi ki valid oswa yon sètifika yon ajans gouvènman vil/eta/federal lan bay ki gen adrès kay biznis ou OSWA
 - Korespondans inivèsite oswa lekòl ki montre adrès kay ou OSWA
 - Papyè lwaye oswa ipotèk ajou OSWA
 - Pèmi kondui OSWA
 - Kat idantite Eta a OSWA
 - Kat Idantite Minisipal OSWA
 - Kat bankè oswa kat kredi, ki date nan 90 dènye jou yo
- *Tanpri efase enfòmasyon kont lan.**

Si ou ap viv lakay yon lòt moun, w ap bay:

- Yon lèt lokatè a siyen ki di ou rete nan adrès sila a AK
- YON Prèy Adrès Kay (gade pi wo a) ak non lokatè a ladan

Remak: Si w ap aplike antanke yon veteran, ou dwe se yon moun k ap viv nan Eta New York la.



☐ **Prèw ou Peye Amann ki Anreta a (si sa aplikab)**

*Si ou se yon rezidan nan Eta New York epi ou se yon veteran ki te resevwa yon revokasyon onorab epi ki te deja gen yon lisans Vandè Jeneral ki te **ekspire sa gen plis pase dezan de sa**, bay:*

- Biwo Administratif Pwosé ak Odyans Vil New York (Office of Administrative Trials and Hearings, OATH) – Fakti pou Vandè Jeneral

Suiv etap sa yo:

1. Ale sou nyc.gov/oath pou w jwenn fòm demann rechèch Fakti Vandè Jeneral pa imèl la.
2. Konplete li.
3. Voye li ale ansanm ak dokiman sipò yo mande yo nan youn nan de (2) fason sa yo:
 - Nan imèl: VendorInquiry@oath.nyc.gov
 - Nan kourye lapòs bay:

Biwo Administratif Pwosé ak Odyans Vil New York
66 John Street, 10th Floor
New York, NY 10038

*Si ou se yon rezidan nan Eta New York epi ou se yon veteran ki te resevwa yon revokasyon onorab epi ki te deja gen yon lisans Vandè Jeneral ki te **ekspire sa gen mwens pase dezan de sa**, bay:*

- Ou dwe bay prèw ou te regle pwoblèm yo pou dènye aplikasyon ou te fè pou renouvle lisans lan (OATH te make li kòm “Pa Otorize”).

☐ **Prèw andikap ki gen rapò ak sèvis la (si sa aplikab)**

Si ou se yon veteran ki gen yon andikap ki gen rapò ak sèvis ou epi ou ta renmen aplike pou lisans lavant espesyalize nan tout vil la (jòn) ak lisans lavant nan zòn Midtown Core (ble), ou dwe:

- Bay yon lèt orijinal ak yon siyati ki soti nan Depatman Zafè Veteran Etazini (VA) ki konfime andikap ou ki gen rapò ak sèvis la.
- Soumèt yon **aplikasyon** konplè **pou Lis Dantant pou Lisans Lavant Espesyalize / Midtown Core la**. Aplikasyon an disponib sou nyc.gov/BusinessToolbox.

☐ **Fòm pou Vandè Jeneral ki pa Rezidan NYC (si sa aplikab)**

Obligatwa si ou pa rezidan Vil New York.



☐ **Frè pou Lisans**

Gade tablo ki anba a pou jwenn frè pou lisans pou moun ki pa veteran yo.

Ansyen konjwen ki elijib yo ak mari oswa madanm oswa patnè domestik sivivan ansyen konjwen kalifye ki abite nan Eta New York pa bezwen peye yon frè pou lisans.

Peryòd Lisans: 2 Lane	Dat Ekspirasyon: 30 Septanm Ane Enpè	Frè pou Lisans:	
Si ou Depoze Aplikasyon Ou an Nan Dat Sa Yo:		Opsyon 1	Option 2
Apati 1ye oktòb nan yon lane enpè jiska 31 mas nan yon lane pè		Peye \$200 pou yon lisans ki ekspire 30 jiyè nan lòt ane enpè a. (Valid pou pi plis 24 mwa.)	
Apati 1ye avril nan yon lane pè jiska 30 septanm nan yon lane pè		Peye \$150 pou yon lisans ki ekspire 30 jiyè nan lòt ane enpè a. (Valid pou pi plis 18 mwa.)	
Apati 1ye oktòb nan yon lane pè jiska 31 mas nan yon lane enpè		Peye \$100 pou yon lisans ki ekspire 30 jiyè nan lòt oswa menm ane enpè a. (Valid pou pi plis 12 mwa.)	
Apati 1ye avril nan yon lane enpè jiska 30 septanm nan yon lane enpè		Peye \$50 pou yon lisans ki ekspire 30 septanm nan menm ane enpè a. (Valid pou pi plis 6 mwa.)	Peye \$250 pou yon lisans ki ekspire 30 septanm nan lòt ane enpè a. (Valid pou pi plis 30 mwa.)

Peye pa mwayen:

- ☐ Kat Kredi (Visa, MasterCard, American Express, Discover Card sèlman).
(sou entènèt oswa an pèsòn)
Yo pral fè w peye yon ki pa ranbousab 2% Frè konvenyans.
- ☐ Chèk elektwonik (sou entènèt)
- ☐ Chèk oswa manda postal (money order) bay DCWP (an pèsòn oswa pa lapòs)



Ou gen kesyon? Nou la pou ede ou!

- **Imèl:** onlineappsdocs@dcwp.nyc.gov
- **Telefòn:** (212) 487-4075 (Lendi - Vandredi, 8 a.m. – 4 p.m.)

Sèvis Entèpretasyon Gratis Anliy yo disponib sou plas. Pou fè yon demann akomodasyon ki gen pou wè ak andikap, ale sou nyc.gov/dcwp epi chèche "akomodasyon" oswa voye yon imèl bay Kowòdinatè Lwa pou Ameriken ki Andikape yo pou DCWP (Americans with Disabilities Act, ADA) a nan DCWPADACoordinator@dcwp.nyc.gov.

Lòt Resous pou Vandè Jeneral

- Pou konnen lwa ak règ ki kapab ajè sou biznis ou an, vizite nyc.gov/BusinessToolbox.
- Pou jwenn resous edikatif sou lavant nan lari, vizite nyc.gov/vendingenforcement.
- Pou jwenn enfòmasyon ki pou ede biznis ou an louvri, fonksyone, ak grandi, vizite nyc.gov/business.